

Konnen ki dwa ou genyen

Dosye ki endike dwa yon Pwopriyete kay genyen



Avi ofisyèl pou mèt règleman d'asirans ki endike dwa yon pwopriyete kay genyen le l'ap fè yon reklamasyon:

Moun nan ki posede règleman asirans lan gen dwa pou li:

- 1) Resevwa enfòmasyon ki di ke konpayi a resevwa reklamasyon yo fè a nan 14 jou ou mwens apre ke yo fin kontakte Konpayi Asirans lan e fè yo konnen ke yo fè yon reklamasyon.
- 2) Resevwa komunikasyon nan men Konpayi an ki endike swa reklamasyon an ap kouvri konplètman, swa yon pati ladan'l ap kouvri, oubyen si yo p'ap kouvri reklamasyon an menm, oubyen yon deklarasyon ki fèt a lekri ki di ke y'ap fè yon envestigasyon sou reklamasyon an. Yo genyen 30 jou apre ke yo fin resevwa fòmilè konplè a ki bay prè ke ou sibi yon pèt.
- 3) Tou depan de doub enterè a ki ekri nan règleman an, resevwa peman konplè pou reklamasyon an, resevwa kantite kòb la yo dwe resevwa a ki klè ke pa genyen pwoblèm nan, oubyen yon lèt ki endike ke y'ap nye responsabilite pou reklamasyon a nan 90 jou o pi plis.
- 4) Patisipasyon gratis nan pwogram Medyasyon an ki ofri atravè Divizyon an ki ofri Sèvis Pou Konsomatè, pou pifò sikonstans men genyen kèk restriksyon.
- 5) Evalyasyon ki fèt san Patipri pou le genyen dezakò akòz yon reklamasyon ki fèt paske ou sibi domaj akòz de yon sinkhole epi tou avèk kondisyon ke ou genyen pwoteksyon sa nan règleman ou.
- 6) Abilite ou genyen pou ou jwenn èd nan men Divizyon ki Ofri Sèvis pou Konsomatè a pou nenpòt ki reklamasyon sou asirans oubyen pou nenpòt kesyon ou genyen pou ede ou jere yon reklamasyon. Konpayi Asirans lan dwe ba ou nimero telefòn dirèk Divizyon an ansanm avèk nimero gratis la epi tou sit entènèt Divizyon an nan yon avi ofisyèl.

Avi ofisyèl pou mèt règleman d'asirans ki endike dwa yon pwopriyete kay genyen le l'ap fè yon reklamasyon:

Me ki avi n'ap ofri ou:

- 1) Kontakte konpayi asirans ou anvan ou siyen yon kontra pou ou fè reparasyon nan kay ou pou ou konfime tout kondisyon nan règleman ou ki pale de reparasyon oubyen pou ou konfime si konpayi an genyen kontraktè yo prefere.
- 2) Konplete e ekri nenpòt ki reparasyon ou fè an ijans ki nesèsè pou ou anpeche ke genyen ankenn domaj adisyonèl. Kenbe tout resi ou genyen epi tou pran foto de domaj yo ni anvan ni apre reparasyon yo fin fèt.
- 3) Pran san ou le ou ap li kontra ki egzije ke ou peye pou depans yo avèk pwòp kob ou oubyen pou yon frè ki baze sou pousantaj kob ou pral resevwa nan men konpayi asirans ou pou yo repare oubyen ranplase pwopriyete ou.
- 4) Verifye e konfime ke kontraktè ou vle anplwaye a genyen yon lisans ki valid nan Leta Floride epi verifye ke pa genyen ankenn moun ki pote plent kont kontraktè sa le ou kontakte Department of Business and Professional Regulation nan. Nou rekòmande ke ou mande kontraktè a pou li ba ou referans nan men kliyan li te ede déjà. Pou ou verifye lisans yon kontraktè, rele Department of Business and Professional Regulation Leta Floride la nan nimero sa 850-487-1395 oubyen vizite sit entènèt sa <http://www.myfloridalicense.com/dbpr/>.
- 5) Egzije ke tout kontraktè ou anplwaye founi prè ke yo genyen asirans anvan yo kòmanse repare domaj yo.
- 6) Pwoteje pwopriyete ou, tenyen gazolin nan, sèvis dlo ou ansanm avèk elektrisite ou, epi kontakte konpayi asirans ou pou ou ba yo yon nimero telefòn kote yo kapab jwenn ou si domaj yo kay ou sibi lakòz ou kite kay la.

Pou plis enfòmasyon sou ki dwa ou genyen anba Avi ofisyèl pou mèt règleman d'asirans ki endike dwa yon pwopriyete kay genyen le l'ap fè yon reklamasyon an, vizite sit entènèt Divizyon ki Ofri Sèvis pou Konsomatè a ki se www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers epi kontakte nou dirèkteman 1-877-MY-FL-CFO (1-877-693-5236)



Direktè Finansyèl Jimmy Patronis

Seksyon 627.7142, Lwa Leta Floride